

## MANMAN TÈKS LA SE AN FRANSE LI YE

laperèz

izolman

imilyasyon

blesi

menas

Si ou se

**yon fanm imigran  
oubyen yon fanm ki fè pati  
yon kominote etnokiltirèl,**

liv sa a ka konsène w.

## **Èske ou rekonèt tèt ou nan kèk pami sitiyasyon sa yo ?**

### **Èske ou rekonèt yon pwòch ou nan sitiyasyon sa yo ?**

- Mwen se yon fanm imigran.
- Mwen gen estati rezidan pèmanan.
- Mwen gen sitwayènte kanadyen.
- Mwen fè pati yon kominate etnokiltirèl (paregzanz : grèk, gineyen oubyen vyetnamyen).
- Mwen fè pati yon gwoup minorite vizib (paregzanz : mwen se yon Kanadyèn ki sot nan peyi Ayiti oubyen nan peyi Lachin).
- Mwen depann de pitit mwen yo oubyen konpay mwen paske m pa pale franse m pa pale angle.
- Mwen santi mwen izole. Mwen ret nan kay m pa soti souvan oubyen.  
Mwen pa soti ditou. Anwetan konpay mwen ak pitit mwen yo, mwen pa prèske wè moun.
- Mwen pa fè gwo klas lekòl.
- Mwen gen pwoblèm pou mwen jwenn travay, paske yo pa rekonèt ekperyans mwen ak diplòm mwen yo.
- Mwen twò kalifye pou travay m ap fè a epi yo pa byen peye m.
- Mwen gen pwoblèm pou mwen pale an franse oubyen an angle.

**Mwen rete avèk konpay mwen paske :**

- Mwen renmen li epi li renmen mwen.
- Maryaj enpòtan pou mwen anpil.
- Mwen pè pou kominote m, fanmi m ak fanmi konpay mwen pa meprize m si mwen ta kite li, epi mwen pè repèkisyon mepriz sa a ka genyen sou mwen.
- Mwen pa gen lajan epi mwen pè pou m pa lage nan lari san yon kote pou m rete.
- Mwen pè pou li pa tire revanch li sou mwen.
- Mwen pa konnen ki kote ki ka ede m yo. Mwen pa konnen dwa mwen.
- Se sèl limenm mwen konnen nan Kanada. M pa konn lòt moun.
- Mwen pa vle doktè, ni lapolis, ni fonksyonè leta ni jij antre nan lavi prive mwen.

Nan liv sa a, mo « konpay » vle di tout moun ki gen te ou ki nan relasyon entim, nan lanmou.

# **Èske ou konn viv kèk nan sitiyasyon sa yo ?**

## **Èske ou te wè yo ?**

### **Konpay mwen :**

- Rabese mwen, imilye mwen devan pitit mwen yo oubyen devan moun pwòch mwen, joure mwen moun fou, fè mwen repwòch.
- Pase mwen nan jwèt, pase mwen nan betiz pase sa mwen fè ak sa mwen di nan betiz, fè m viv nan lawont.
- Fè bri kouri mwen se yon move manman.
- Menase pou voye mwen nan peyi m.
- Menase pou li maltrete tout moun mwen renmen oubyen pou li pran pitit mwen yo nan men mwen.
- Kraze tout bagay m renmen ousnon menase pou kraze yo oubyen sere tout bagay mwen bezwen, tankou telefòn oubyen òdinatè a ki ban mwen chans kominiye ak moun ki pwòch mwen yo.
- Toujou vle konnen kote mwen ye epi ak ki moun mwen ye.
- Kritike moun ki pwòch mwen.
- Toujou ap tcheke mwen nan telefòn, SMS oubyen imèl, oubyen ap suiv mwen san rete, menm si nou pa ansanm.

### **Konpay mwen :**

- Menase pou avili mwen.
- Sèvi ak mo sal lè I ap pale avèk mwen, monte ton vwa oubyen fè jès pou menase mwen.
- Pouse mwen, ban m kalòt, pichkannen mwen, trangle mwen, boule mwen, ban m kout pye, rale cheve mwen, krache sou mwen.
- Menase pou blese mwen oubyen pou touye mwen.
- Fòse mwen fè bagay ak jès entim m pa vle fè oubyen menase m li pral nan bouzen.
- Fòse m pou m fè pitit.
- Kontwole depans mwen oubyen depanse tout lajan mwen.
- Trete m tankou esklav li.
- Menase pou li touye tèt li, pou li touye mwen ousnon pou li touye timoun yo.

**WI ?**

**Konpòtman sa yo se siy  
vyolans konjigal.**

**Liv sa a se pou ou.**

*Mwen te aprann soufri an silans pou kenbe diyite mwen. Epitou, mwen pa te vle pale. Pinga moun yo kwè se konsa nou tout ye nan kominote mwen an !*

# Vyolans konjigal la antre tou dousman,

## an chat pent, nan relasyon entim ak nan lanmou

Konpay ou toujou ap repeete yon bann pawòl ak jès k ap rabese w epi k ap blese w.

L ap pase w lòd. Li egzije obeyisans. Li pran desizyon pou tout bagay nan plas ou. Sa li vle, se kontwole ou, se gen pouvwa sou ou.

Se pou ou kontinye viv avèk li ki fè konpay ou pwomèt ou l ap chanje, menmsi li kontinye ap imilye ou epi ap fè vyolans sou ou.

Se pou kontwole w ki fè konpay ou ap simen dout ak konfizyon nan tèt ou lè l ap di w se fòt ou, epi se ou menm ki vyolan.

Se pou li domine ou ki fè konpay ou ap pale ak vyolans, ap aji ak vyolans.

*Epòk sa a, lè nou te rive Kanada, li te konn ban m de kalòt tanzantan. M te panse se paske li te sou tansyon paske li te gen anpil bagay pou li te regle. Lè mwen te pwopoze li pou m travay pou mwen ka ede li, li te reponn mwen pa itil anyen de tout fason. Epi chak jou ki pase sa t ap vin pi mal. Kounye a mwen pou kont mwen, chak jou ki pase, li fè m pi pè.*

Yon konpay vyolan sanble ak nenpòt ki gason epi li ka okipe nenpòt bon plas nan lasosyete.

Moun ka apresye li epi li ka janti ak tout moun.

Li pa oblige gen pwoblèm sante mantal, pwoblèm tafya, pwoblèm lajan ousnon pwoblèm nan travay.

Li ka fè pati nenpòt kominate, li ka se Kebèkwa epi li ka pratike yon reliyon oubyen li ka pa pratikan.

Vyolans konjigal ka fèt nan tout kalite relasyon :  
relasyon gason ak fi, relasyon gason ak gason,  
relasyon fi ak fi.

**Vyolans konjigal** p ap sispann pou kont li, menm si ta gen anpil tan ki pase, menm si ta gen lanmou, menm si kondisyon lavi yo ta vin miyò.

# Vyolans konjigal se pa

## kou ak blesi sou kò sèlman

**Vyolans sikolojik pa twò vizib, men limenm tou ka fè anpil dega.**

- Toujou rabese yon moun, joure li moun fou, ironize li sou aparans fizik li, ak sou seksyalite.
- Toujou kontwole alevini ou.
- Toujou anpeche ou wè moun ki pwòch ou yo.
- Maltrete ou nan kwayans ak lafwa ou.
- Anpeche ou al lekòl pou aprann franse ak angle.

**Tout sa se vyolans konjigal.**

*Li te konn kite m soti sèlman pou m ale nan mache oubyen pou m al priye legliz. Lè m retounen, li verifye tout bagay : ak ki moun mwen te pale, sa m te di. Malè pou mwen si repons mwen yo pa te fè li plezi !*

Vyolans sikolojik detwi konfyans ou nan tèt ou.  
Alafen, ou kwè konpay ou lan. Ou santi ou sòt, ou santi ou se moun fou.  
Ou kwè ou merite tout repwòch li fè w yo.

**Vyolans ekonomik pa popilè, men li pote imilyasyon menm jan ak vyolans konjigal la.**

- Oblije pou mande lajan tankou pòv.
- Konstate tout depans ou yo kontwole.
- Oblije pou peye tout depans yo.
- Oblije pou bay tout lajan ou fè.
- Pa gen dwa pou ou gen yon jòb.
- Oblije fè dët.

**Se toujou vyolans konjigal.**

*Mwen t ap travay nan ponp gazolin nan, epi met sou sa, nan fen semèn li te konn oblige m fè gadò timoun. Lajan sa a, mwen pa te janm wè koulè li ! Li te ban mwen sèlman yon ti tchotcho pou tikè otobis.*

Si w ap sibi vyolans sikolojik oswa vyolans ekonomik,  
**mande èd.**

**Gade nan dènye paj** liv sa a, w a jwenn sèvis ki koresponn ak bezwen fanm imigran oubyen fanm ki fè pati kominote etnokiltirèl ki viktим vyolans konjigal.

## **Pami tout fòm vyolans yo, genyen yo konsidere tankou krim**

- **Menas yo**

Paregzanp, menase pou blese ou, pou touye ou.

- **Vyolans fizik**

Paregzanp, tòde bra ou, bat ou.

- **Neglijans kriminèl**

Paregzanp, anpeche ou resewva swen ak manje jiskaske lavi ou ta an danje.

- **Vyolans seksyèl**

Paregzanp, fòse ou fè lanmou oubyen fè lanmou yon mannyè ou pa vle.

- **Pèsekisyon**

Paregzanp, telefone ou san rete oubyen suiv ou jiskaske ou ta pè pou sekirite ou.

- **Kidnaping**

Paregzanp, fèmen ou nan yon chanm oubyen anpeche ou soti nan kay la.

Si w ap viv youn nan fòm vyolans sa yo, ou ka telefone 911 pou ou denonse yo epi pou pwoteje tèt ou.

Amezi tan yo ap pase, fòm vyolans yo ka chanje nan plizyé fason, yo vin ogmante youn apre lòt.

Plis ane yo ap pase, frekans ak intensite fòm vyolans yo vin pi grav.

*Li te toujou jwenn mwayen pou li kwense mwen, fòse mwen fè sa m pa anvi fè tankou fè lanmou ak mwen san pran souf oubyen li fòse m gade fim moun ki ap fè lanmou.*


*Mwen pa te konn di anyen, mwen te toujou espere li t ap chanje. Yon jou, li gade m nan je, li di m : « Si w gen malè di fanmi ou sa, m ap touye w. »  
Mwen te kwè li.*

## **Se dwa ou pou ou viv nan respè epi an sekirite.**

Sa enskri nan *Charte des droits et libertés de la personne du Québec* ak nan *Charte canadienne des droits et libertés*.

## **Men kèk rezon ki ka pouse ou al chèche èd**

- Mwen pa vle rete pou kont mwen ak pwoblèm sa a, mwen bezwen èd.
- Mwen vle bay tèt mwen ak pitit mwen sekirite.
- Mwen bezwen santi moun respekte m.
- Mwen bezwen pale pou m fè soti tout sa k sou kè m, m bezwen chase estrès m ap viv la.
- Mwen vle gen enfòmasyon sou dwa mwen ak sèvis ki disponib.
- Mwen ta renmen genyen yon vi an fanmi nan frankililite ak timoun mwen yo.
- M ta renmen rekòmanse vin fyè de tèt mwen, reprann konfyans nan tèt mwen, fè mwen pa santi m koupab, fè mwen pa santi mwen wont.
- Mwen vle jwenn mwayen pou mwen fini ak sa.
- Mwen vle jwenn mwayen pou mwen pwoteje tèt mwen, paregzanp tabli yon siyal ak yon moun mwen fè konfyans pou li rele 911 mande sekou pou mwen sizanka ta gen ijans.
- Mwen vle rete anvi, mwen vle tou pou pitit mwen yo rete anvi.



*Mwen te swete yon sèl bagay,  
sekirite pítit mwen yo. Malgre sa,  
yon jou mwen wè yon gwo tristès  
nan je sa ki pi gran an. Se te yon  
gwo chòk pou mwen. M pa te  
konprann si timoun yo t ap soufri  
tankou mwen. M pa te konprann  
si yo t ap andire kochma sa a an  
silans menm jan avèk mwen.*

Si sekirite ou oubyen sekirite moun pwòch ou yo  
**menase**,  
pa ezite rele 911.

Ou pa dwe santi ou koupab. Se konpay ou a ki responsab vvolans li ap fè a.

Ou pa dwe wont. Gen plizyè fanm k ap viv sitiyasyon sa a nan Kebèk.

Toupatou sou latè, gen gason ki sèvi ak vvolans pou yo kontwole konpay yo.

Vvolans konjigal se yon pwoblèm grav ki konsène tout moun.

Pa rete pou kont ou.

Pale ak yon moun ou fè konfyans, paregzanp, yon moun ki nan branch lasante oubyen edikasyon, pale ak yon vwazin.

Anplis, menm si ou rakonte yon moun pwoblèm ou, ou toujou gen dwa pou ou fè pwòp chwa ou.

Pèsonn pa ka fòse ou kite konpay ou ni fòse ou rete ak li.

**Èske ou konnen yon fanm imigran  
oubyen yon fanm ki fè pati yon  
kominote etnokiltirèl  
ki viktim vyolans konjigal ?  
Si ou rive gen konfyans li, w ap kapab ede I**

**Koute li san pote jijman**

**Kwè li**

Fanm imigran yo oubyen fanm ki fè pati kominote etnokiltirèl yo ka ezite avan yo rakonte zafè yo bay yon lòt moun oubyen pou yo devwale vyolans konjigal pou plizyè rezon.

Paregzanp :

- laperèz pou moun pa pote jijman sou yo paske yo pa pale franse ni angle;
- lawont dapre yo, pou yo pale sou yon pwoblèm ki konsène lavi prive yo;
- laperèz pou lòt moun pa kwè yo oubyen pa pote jijman sou yo, sitou si yo deja sibi plizyè ka diskriminasyon ak rasis.

Devwale koze vyolans konjigal mande anpil kouraj. Pou ede viktim nan, koute li san pote jijman epi eseye konprann eprèv l ap sibi yo.

### **Fè li pa santi li koupab**

Paske yo se gadyen lakilti, se yo ki kenbe lyen fanmi yo, gen plizyè fanm imigran oubyen fanm ki fè pati kominote etnokiltirèl yo ki pral santi yo koupab paske yo dezonore konpay yo epi kraze fanmi yo. Gen lòt ki pral santi yo koupab paske yo vin gen yon endepandans, yon asirans yo pa te genyen nan peyi yo.

Anpil fwa, viktим yo santi yo responsab vyolans konpay yo. Mesye yo fò anpil nan fè yo santi yo koupab, yo rive nye pwòp vyolans pa yo, sitou lè yo jwenn sipò fammi an oubyen sipò kominote a.

Di viktим nan se konpay yo ki responsab pwòp zak vyolans yo.

Se konpòtman vyolan yo ki kraze fanmi an.

## **Respekte tout chwa li fè ak mwayen li pran pou l afime l**

Vyolans konjigal fè anpil dega. Li detwi konfyans moun gen nan tèt yo. Wout pou yon moun afime li epi pou reprann pouvwa sou lavi li kapab long.

Men kèk rezon ki ka pouse yon fanm imigran oubyen yon fanm ki fè pati kominote etnokiltirèl yo tolere vyolans :

- espwa bagay yo ka chanje, afeksyon ak lanmou ka blayi;
- tout peche ak tout sa k entèdi;
- laperèz kont mepriz kominote a;
- inyorans resous ki ekziste yo ansanm ak dwa yo;
- laperèz lapolis ak lajistis;
- laperèz pou yo pa pran pitit ou yo nan men ou oubyen pou ou ta vin pou kont ou san mwayen.

Eseye konprann sa li te viv epi respekte chwa li yo. Kit li kite konpay li, kit li pa kite li, ou ka fè l wè moun ak resous espesyalize yo ki va ede li klarifye sitiayasyon li (gade nan dènye paj liv sa a).

## **Ofri li èd ou**

Izolman viktим yo se youn nan fòm vyolans konjigal yo. Souvan, izolman sa a pi enpòtan pou fanm imigran yo oubyen fanm ki fè pati kominote etnokiltirèl yo ki pèdi rezo sosyal yo te genyen nan peyi yo, epi yo oblige aprann nouvo kòd kiltirèl ak nouvo prensip. Gen fanm ki pa pale franse ni angle, epi k ap viv pwoblèm solitid. Gen lòt ki rankontre tout kalite pwoblèm pou yo antre sou mache travay la.

Bay viktим nan èd ou. Pale ak li. Fè li konnen li gen dwa pou li mande èd. Fè li konnen li gen dwa pou li chèche èd ki ap konfidansyèl. Si li vle gen plis enfòmasyon, ba li liv sa a. Si li vle, pwopoze li pou ou akonpaye li nan demach li yo.

### **Lite kont prejje epi fènwa**

Anpil moun panse fanm imigran yo oubyen fanm ki fè pati kominote etnokiltirèl yo aksepte vyolans konjigal akòz kilti peyi kote yo soti a oubyen akòz reliyion yo. Se manti. Yo jwenn plis difikilte pase lòt moun yo pou yo rive soti ladan. Plizyè nan yo dwe goumen paske yon fè pati yon minorite. Yo dwe goumen kont majinalizasyon, diskriminasyon, rasis. Defi sa yo rann yo pi frajil devan vyolans konjigal.

Plis viktим nan ap viv nan izolman, se plis konpay li a ka fè sa I pi pito. Fòk ou konprann sa viktим nan ap viv, epi li ta bon si viktим nan ta toujou ap viv tou pre w.

Sonje byen, endiferans ap bay  
voylans konjigal plis fòs...

## Resous

**TOUPATOU NAN PWOVENS KEBÈK,  
OU KA TELEFONE 7 JOU SOU 7 EPI 24 SOU 24.**

### SOS violence conjugale

**1 800 363-9010** (apèl andeyò Monreyal) (VWA avèk ATS)

**514 873-9010** (apèl anndan Monreyal) (VWA avèk ATS)

**SOS violence conjugale konnen tout resous pou ede fanm imigran yo oubyen  
fanm fi fè pati kominote etnokiltirèl yo.**

Sèvis telefòn sa a gratis, li konfidensyèl, li anonim, li espesyalize nan vyolans konjigal. Yon sèl apèl pèmèt viktим yo, moun pwòch yo oubyen temwen yo jwenn **rapidman** sèvis tankou enfòmasyon, konsiltasyon ak kote pou yo rete.

### Sèvis ijans 911

Pou yon èd prese prese, si ou an danje oubyen si ou temwen zak vyolans.

**911** (VWA) (ATS disponib nan kèk rejyon)

**310-4141** (nan tout vilaj kote 911 pa disponib)

**\*4141** (pou tout apèl pòtab)

### Info-Santé

Pou enfòmasyon ak referans yo, tankou CLSC oubyen sant sante ak sèvis sosyal yo (CSSS)

**811** (VWA)

Ou ka jwenn liv sa a an franse, an angle, an panyòl, si ou rele Secrétariat à la condition féminine (SCF) nan **418 643-9052**.

Liv sa a yo disponib sou sit entènèt SCF la ([www.scf.gouv.qc.ca](http://www.scf.gouv.qc.ca)) epi sou sit Table de concertation en violence conjugale de Montréal ([www.tcvcm.ca](http://www.tcvcm.ca)) nan fòma PDF, an franse, an angle, an panyòl, epi nan fòma Word pou menm lang sa yo ak kèk lòt ankò. Pou ou jwenn yo, klike sou ribrik *Publications* sou sit SCF.

Pwodiksyon : **Secrétariat à la condition féminine**

Redaksyon : **Table de concertation en violence conjugale de Montréal**, ak konkou :

- Bouclier d'Athena ([www.shieldofathena.com](http://www.shieldofathena.com));
- Maison pour femmes immigrantes de Québec ([www.maisonpourfemmesimmigrantes.com](http://www.maisonpourfemmesimmigrantes.com));
- Association des femmes immigrantes de l'Outaouais ([www.afio.ca](http://www.afio.ca)).